# ҚАРАҚАЛПАҚСТАНДА ҚУРАМАЛЫ ОПЕРАЦИЯ ТАБЫСЛЫ ӘМЕЛГЕ АСЫРЫЛДЫ

Республикалық қыстаўлы медициналық жәрдем илимий орайы Қарақалпақстан филиалы Нейрохирургия бөлиминде орайлық ҳәм перифериялық нерв системасы жарақатлары ҳәм кеселликлери емленип, республика ҳалқына сапалы хызмет етип келинбекте.

Наўқасларға анық ҳәм ерте диагноз қойыў ушын заманагөй  ЭХО-ЭС, рентген, компьютер томография ҳәм тағы басқа да инструментал тексериў үскенелери менен тәмийинленген.

Бул бөлимде қыстаўлы медициналық жәрдемге мүтаж орайлық ҳәм перифериялық нерв системасы жарақатларынан басқа бас мий ҳәм арқа мий өспелери менен де наўқаслар емленбекте.

Image not found or type unknown

Буған мысал ретинде 2002-жыл туўылған Г.Г. атлы наўқас еки аяғында ҳәрекеттиң болмаўы, аяқларында улыўма сезиўдиң жоқлығы менен тез жәрдем машинасында алып келинди.

Наўқастың айтыўы бойынша кеселлик 2 ай алдын басланған, аязладым деп амбулатор шараятында емленип жүрген. Ақырғы күнлери жоқарыдағы жағдайлар пайда болғанлығы себепли тез жәрдем машинасы менен РҚМЖИО ҚҚ филиалына алып келинген.

Наўқас нейрохирург шыпакерлер тәрепинен неврологиялық тексериўден өткерилгенде:  эпигастрал бөлимнен төменде сезиўшеңликтиң төменлеўи (гипоэстезия) ҳәм жоғалыўы (анестезия), аяқларда ҳәрекеттиң улыўма болмаўы (төменги параплегия), дизе, ахиллрефлекслердиң улыўма шақырылмаўы

анықланды. Омыртқаның көкирек бөлими МРТ тексерилиўинде vTh4-5 көкирек омыртқасының туўрысында арқа мийдиң экстрамедуляр өспеси барлығы, өспениң арқа мийди қысып турғанлығы мәлим болды.

Наўқас РҚМЖИО ҚҚ филиалы директоры, жоқары категориялы нейрохирург шыпакер, м.и.к. С.М.Бегалиев тәрепинен көрилип, тезлик пенен операция жолы менен емлеў әмелге асырылды. Наўқастың барлық қан анализлери алынып, С.М.Бегалиев тәрепинен арқа мийдиң экстрамедуляр өспесиниң алып тасланыў операциясы исленди.

Наўқаста операциядан кейин неврологиялық статусында регресс пайда болып, бир күннен соң аяқларда сезиўшеңликтиң басланыўы, аяқларда ҳәрекеттиң пайда болыў белгилери жүзеге келди. Солай етип, операция табыслы әмелге асырылды.

Медициналық мәкемелерди заманагөй медициналық тексериў әсбап-үскенелери менен тәмийинлеў, материаллық-техникалық базасын жақсылаў, наўқасларға тез ҳәм анық диагностика етиўде үлкен әҳмийетке ийе болып, наўқаслардың тезирек аяққа турыўында, денсаўлығының тиклениўинде өз нәтийжелерин береди.

ҚР Денсаўлықты сақлаў министрлиги